



Pou Piblikasyon Imedya: 10/11/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PRÈ KI GEN TO ENTERÈ KI BA POU TI BIZNIS KI DISPONIB POU REZIDAN AK BIZNIS KI TE AFEKTE PA MOVE TAN AK INONDASYON NAN MWA OUT YO

Administrasyon Ti Biznis Ameriken an otorize demann Gouvènè a pou Deklarasyon katastwòf fizik pou konte Washington; Sipòte konte Essex, Rensselaer, Saratoga ak Warren tou

Siklòn nan te lakoz plis pase 1.5 milyon dola domaj nan 40 kay ak 13 biznis / òganizasyon san bi likratif

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Administrasyon Ti Biznis Ameriken an (U.S. Small Business Administration, SBA) te otorize demann li a pou yon Deklarasyon katastwòf fizik pou konte Washington apre move tan ak inondasyon nan Whitehall. Siklòn nan te lakoz domaj nan 40 kay ak 13 biznis oswa òganizasyon san bi likratif, pou yon total plis pase 1.5 milyon dola domaj. Deklarasyon an pèmèt SBA a rann prè ki gen enterè ki ba disponib pou pwopriyetè ak biznis ki afekte pa domaj tanpèt yo nan konte ki sou kote yo tou, Essex, Rensselaer, Saratoga, ak Warren. Avèk deklarasyon yo akòde a, moun, fanmi, biznis ak òganizasyon san bi likratif sa yo ki te afekte yo ap elijib kounye a pou prè ki gen enterè ba nan men Administrasyon Ti Biznis lan pou ede yo rekipere yo.

"Lè gwo tanpèt yo domaje plizyè douzèn kay ak biznis nan Konte Washington, New York te la pou ede, pa sèlman ak operasyon retablisman yo, men tou pou lite pou finansman federal pou ede remete sila ki afekte yo sou pye yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Deklarasyon sa ap pèmèt rezidan, biznis ak òganizasyon san bi likratif yo jwenn aksè ak kapital ki soti nan gouvènman federal la nan fason rapid ak efikas nan to enterè ki ba pandan y'ap rekonstui epi retabli."

Prè SBA yo ap ofri èd pou mèt kay, lokatè, biznis ak lòt moun ki bezwen sipò finansye apre ijans oswa katastwòf ki gen rapò ak move tan yo. Apre evènman an, pèsonèl ki soti nan Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) Eta New York la te reyalize yon evalyasyon konplè sou domaj ki lye ak ensidan sa a. Evalyasyon sa a te konfime ke te gen gwo domaj nan 21 kay ak 5 biznis ki bay total 384,200 dola ak 193,000 dola respèktivman, ansanm ak ti dega nan 19 kay ak 8 biznis/òganizasyon ki san bi likratif ki bay total 570,000 dola ak 360,000 dola respèktivman.

Gwoup ki annapre yo gen dwa kalifye pou èd prè SBA pou bagay ki annapre yo:

- Mèt Kay yo: jiska 200,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete yo ki andomaje ouben kraze
- Mèt Kay ak lokatè yo: jiska 40,000 dola pou repare ouben ranplase pwopriyete pèsònèl ki andomaje ouben kraze
- Pwopriyete Biznis yo: jiska 2 milyon dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf Dega Ekonomik jiska 2 milyon dola pou bay fon woulman ki nesesè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Patrick A. Murphy te deklare, "Lè katastwòf frape, doulè a pa jis fini lè ijans imedyà a fini. Anpil fwa, yon katastwòf gen alafwa yon enpak emosyonèl ak finansye sou moun ak biznis yo. Gras a patenarya ak travay di ajans toupatou atravè eta, gouvènman federal ak lokal yo, moun move tan sa te afekte yo ap gen resous pou ede yo rekipere".

To enterè yo ka tèlman ba rive 1.19 pousan pou mèt kay ak lokatè yo, 2.75 pousan pou òganizasyon san bi likratif yo ak 3 pousan pou biznis yo sou yon dire 30 ane. Se SBA ki defini montan ak kondisyon prè yo ki baze sou sityasyon finansye chak aplikan.

SBA te louvri yon Sant Sansibilizasyon Vityèl pou Prè apre Katastwòf (Virtual Disaster Loan Outreach Center, VDLOC) pou ede sivivan yo aplike anliy lè yo itilize Aplikasyon Prè Elektwonik lan (Electronic Loan Application, ELA) atravè sitwèb sekirize SBA a [isit la](#). Reprezantan Asistans Kliyan Vityèl yo disponib pou ede aplikan yo ranpli aplikasyon anliy lan epi reponn kesyon sou pwogram SBA a. Enfòmasyon sou VDLOC yo se sa yo:

Sant Sansibilizasyon Vityèl pou Prè apre Katastwòf (Virtual Disaster Loan Outreach Center, VDLOC)

Ouvri: Lendi-dimanch (7 jou / semèn)

Orè: 8 a.m. - 8 p.m. EDT

Imèl: FOCE-Help@sba.gov

Telefòn pou Moun ak Biznis: 1-800-659-2955

Aplikasyon yo ka voye imel bay Sant Sèvis pou Kliyan SBA a tou nan disastercustomerservice@sba.gov pou plis enfòmasyon sou èd pou katastwòf SBA a. Moun ki soud oswa ki pa tandè byen yo ka rele (800) 877-8339. Yo ta dwe voye pa lapos aplikasyon ki konplè yo nan U.S. Small Business Administration, Processing and Disbursement Center, 14925 Kingsport Road, Fort Worth, TX 76155.

Delè pou ranpli epi remèt aplikasyon pou domaj fizik nan pwopriyete yo se madi 5 janvier 2021. Delè pou remèt aplikasyon pou domaj ekonomik yo se 6 out 2021.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)